

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab dipedar opat hal ngeunaan métode panalungtikan, nu ngawengku: (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) téknik panalungtikan, jeung (4) instrumén panalungtikan.


3.1 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif, sabab hasil analisis panalungtikan diguar dina wangun déskripsi. Pamarekan kualitatif nurutkeun Basrowi & Suwandi (2013) nyaéta salasahiji métode panalungtikan nu boga tujuan pikeun maham ngeunaan kanyataan ngaliwatan prosés mikir induktif. Sedengkeun dina métode déskriptif nurutkeun Mahsun (2013, kc. 86) kudu aya tilu léngkah panalungtikan, nyaéta nyadiakeun data, analisis data, jeung ngarumuskeun hasil analisis data. Ku kituna, dipiharep dina ngagunakeun ieu métode bisa ngaguar rumusan masalah dina ieu panalungtikan.

Sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal, perlu ditangtukeun desain panaluntikanana. Léngkah-léngkah atawa rarancang panalungtikan dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Nangtukeun pasualan nu rék dianalisis dina ieu panalungtikan.
- 2) Maca buku kumpulan babasan jeung paribasa Sunda.
- 3) Nangtukeun atawa milih babasan jeung paribasa nu aya léksikon tutuwuhanana.
- 4) Analisis ma'na léksikal léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda.
- 5) Analisis patalina antara léksikon tutuwuhan kana budaya masarakat Sunda.
- 6) Ngadéskripsikeun tur nyindekeun hasil analisis léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa


Gambar 3.1: Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 172), sumber data nyaéta subjék ti mana data bisa dimeunangkeun. Anapon sumber data nu diperlukeun ku panalungtik nyaéta léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda. Sumber data ieu panalungtikan nyaéta buku *Babasan jeung Paribasa Kabeungharan Basa Sunda* jilid hiji jeung dua karya Ajip Rosidi.

Gambar 3.2: Buku Babasan jeung Paribasa



Informasi buku 1:

- Ukuran 21 x 14,5
- Kandalna 189 kaca
- Penerbit PT. Kiblat Buku Utama

Informasi buku 2:

- Ukuran 21 x 14,5
- Kandalna 187 kaca
- Penerbit PT. Kiblat Buku Utama

Dipilihna éta buku téh sabab cara nyusun babasan jeung paribasana béda jeung buku-buku séjénna. biasana buku séjén mah nyusun babasan jeung paribasana téh dumasar abjad kecap kahiji dina babasan jeung paribasa, sedengkeun buku Babasan jeung Paribasa Kabeungharan Basa Sunda jilid hiji jeung dua karya Ajip Rosidi mah nyusunna dumasar kana abjad kecap barang atawa kecap utamana. Éta hal téh jadi hiji kauntungan pikeun milah-milah babasan jeung paribasa nu aya léksikon tutuwuhanana.

3.3 Téknik Panalungtikan

Téknik panalungtikan mangrupa salasahiji usaha pikeun ngulik hasil panalungtikan sangkan tujuan panalungtikan bisa kahontal. Dina prak-prakanana, aya sababaraha téknik panalungtikan anu kudu dilakukeun ku panalungtik, nyaéta téknik ngumpulkeun data jeung téknik ngolah data.

3.3.1 Téknik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa kalawan téknik dokuméntasi. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 201) dokuméntasi asalna tina kecap dokumén nu hartina barang-barang tinulis. Dina ngumpulkeun data panalungtik nalungtik barang-barang tinulis saperti buku-buku, majalah, dokumén, aturan-aturan, notulén rapat, catetan jeung sajabana.

Ieu panalungtikan nalungtik buku *Babasan jeung Paribasa Kabeungharan Basa Sunda* jilid hiji jeung dua karya Ajip Rosidi. Léngkah-léngkah ngumpulkeun datana saperti ieu di handap.

- 1) Maca buku babasan jeung paribasa Sunda.
- 2) Nangtukeun jeung nyirian babasan jeung paribasa anu ngandung léksikon tutuwuhanana.
- 3) nyalin babasan jeung paribasa kana kartu data
- 4) Nganomeran babasan jeung paribasa nu ngandung léksikon tutuwuhanana.

3.3.2 Téknik Analisis Data

Téknik analisis data mangrupa tahapan nu dilaksanakeun sanggeus ngumpulkeun data. Méthode nu digunakeun nyaéta méthode déskriptif. Data didéskripsikeun jeung dicindekkeun hasilna dumasar kana tujuan panalungtikan jeung diguar dina analisis data.

Sanggeus data dimeunangkeun ngaliwatan studi dokuméntasi, satuluyna éta data dianalisis dumasar kana léngkah-léngkah nu geus ditangtukeun. Léngkah-léngkah operasional dina ngolah data saperti ieu di handap.

- 1) Nganalisis léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda.

- 2) Nganalisis ma'na léksikal léksikon tutuwuhan dina babasan jeung paribasa Sunda.
- 3) Nganalisis patalina antara léksikon tutuwuhan kana budaya masarakat Sunda.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat nu dipaké ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan bisa leuwih gampang jeung hasilna leuwih alus. Anapon instrumén panalungtikan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data anu eusina nomer kode, data babasan jeung paribasa nu ngandung léksikon tutuwuhan. Kartu data dipaké pikeun nyirian data nu rék dianalisis. Ieu di handap mangrupa kartu data dina ieu panalungtikan.

Gambar 3.3: Kartu Data

No. Data	:
Sumber Data	:
Data	:
Harti Babasan/Paribasa	:
Léksikon tutuwuhan	:

Keterangan:

- No. Data : Nomer urut data.
- Sumber : ngaran buku/sumber data nu ditalungtik.
- Data : data babasan jeung paribasa Sunda
- Harti babasan/paribasa: Harti idiomatis data babasan jeung paribasa
- Léksikon Tutuwuhan : léksikon tutuwuhan nu aya dina data babasan jeung Paribasa Sunda

Data nu dimeunangkeun diasupkeun kana tabél pikeun diolah sangkan meunangkeun hasil panalungtikan. Tabél-tabél dina ieu panalungtikan dipidangkeun saperti ieu di handap.

1) Tabél Babasan jeung Paribasa Sunda

Tabél: 3.1: Babasan jeung Paribasa Sunda

No.	No. Data	Babasan/Paribasa	Harti Babasan/Paribasa
1.			
2.			
3.			
...			

2) Tabél Ma'na Léksikal Léksikon Tutuwuhan dina Babasan jeung Paribasa Sunda

Tabél 3.2: Ma'na Léksikal Léksikon Tutuwuhan dina Babasan jeung Paribasa Sunda

No.	No. Data	Léksikon	Ma'na Léksikal	Babasan jeung Paribasa
1.				
2.				
3.				
...				